

Konje Travay Maine pou moun kap bay swen yo ansanm avèk moun ki afekte pa Ijans Sante Piblik kouvri anplwaye yo ki swa yo menm afekte oswa yap pran swen pou yon manm fanmi pwòch ki afekte pa yon ijans sante piblik.

Afekte pa yon ijans sante piblik vle di ou sou tretman oswa ou an karantèn oswa izolasyon, pami lòt bagay. Ou dwe kominike bezwen konje a bay travay ou nan yon delè rezonab.

Yo ka peye oswa pa peye pou konje. Eksepsyon gen ladan anplwaye gouvènman yo ki responsab pou asire sante ak sekirite piblik ak sekirite anplwaye yo ke absans yo ta koze yon gwo difikilte ki ta egzije pou travay la redwi nan aktivite li yo.

Konje Medikal Fanmi Maine lwa aplike pou yon anplwaye ki te travay pou menm anplwayè a pou omwen 12 mwa youn apre lòt. Anplwaye a ta gen dwa pou jiska 10 semèn travay konje famiyal pou rezon medikal ki pa peye avèk pwoteksyon travay nan nenpòt dezan. Men, travay yo ki gen mwens pase 15 anplwaye ki anboche nan yon sit travay pèmanan egzan. Anplwayè yo ka bay konje peye nan diskresyon yo.

Konje Maladi Fanmi Maine lwa a di si yon anplwayè bay konje peye, kidonk anplwayè a dwe pèmèt yon anplwaye itilize konje a pou pran swen yon manm fanmi pwòch ki malad. Lwa sa a bay anplwaye a dwa pou chwazi ki kalite konje yap itilize, si travay la bay plizyè benefis (tankou konje maladi, vakans, oswa pèsònèl) avèk limitasyon. Seksyon nan lwa sa a pa aplike pou maladi yon anplwaye, travay la ka mande pou l itilize konje maladi.

Gwo biznis yo, tankou sila yo ki genyen 50 oswa plis anplwaye, sijè nan Lwa Federal sou Konje Medikal ak Fanmi [Family and Medical Leave Act (FMLA)]. Lwa sa a egzije jiska 12 semèn konje san peye ke yo dwe bay pou yon evènman kalifye. Travay la ka bay konje peye nan diskresyon li.

Kesyon yo poze souvan sou Depatman Travay Federal Etazini (FMLA):

<https://www.dol.gov/agencies/whd/fmla/pandemic>

Lwa sou **Konje Peye Maine ou akimile** lwa p ap antre anvigè jis nan dat 1^{ve} Janvyè 2021. Lwa sa a, lè li anvigè, pral bay abilite pou anplwaye yo akimile jiska 40 èdtan konje peye sou kantite èdtan yo travay pou yon anplwayè.

Maladi ki gen rapò avèk travay – Si maladi a gen rapò avèk travay, anplwaye ak travay la ta dwe konsilte Konsèy sou Konpansasyon Travayè Maine.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Konpansasyon Travayè, vizite: <https://www.maine.gov/wcb/>

Maine entèdi pou Anplwayè chaje anplwaye yo epi aksepte pou aplikan yo peye pou depans egzamen medikal jan li egzije pa anplwayè a. Yon anplwayè dwe kouvri depans sa yo e li ka peye pou depans medikal anba seksyon sa a atravè kouvèti asistans sante, oswa lòt mwayen, osi lontan ke anplwaye a pa gen obligasyon pou peye pou okenn pati nan egzaminasyon an, sa ki gen ladan kopeman oswa lòt depans ki soti nan pòch li.

Kesyon yo Poze Souvan

K. Mwen egzonere nan salè. Èske anplwayè m dwe peye salè konplè m si biznis lan fèmen akòz COVID-19?

R: Si anplwaye ki egzonere nan salè a te travay nenpòt pati nan semèn lan kidonk anplwaye a dwe resevwa salè konplè li. Travay la ka mande pou anplwaye a itilize tan benefis peye l tankou vakans, konje maladi, pèsònèl, elatriye. Si anplwaye ki egzonere nan salè a pa gen lè disponib, travay la toujou gen obligasyon pou peye salè konplè pou rès semèn sa a. Si biznis lan fèmen pou plizyè semèn (yo) e anplwaye ki egzonere nan salè a pa travay ditou pandan semèn nan kidonk travay la pa p gen obligasyon pou peye okenn pati nan salè a.

K. Mwen se yon anplwaye sou baz èdtan (non-egzante). Èske travay mwen dwe peye m si biznis lan fèmen akòz COVID-19?

R: Non. Travay yo gen obligasyon sèlman pou peye anplwaye non-egzante yo sou èdtan ke yo te travay aktyèlman. Kesewa ou non anplwaye a ka itilize benefis peye yo tankou tan vakans, maladi, pèsònèl, elatriye. Se sèlman nan diskresyon anplwayè a.

K. Èske yon minè ka travay èdtan adisyonèl si lekòl yo fèmen akòz COVID-19?

R: Non. Nan pifò ka yo, lekòl yo fèmen bilding yo, men elèv yo toujou gen obligasyon pou fè devwa yo a distans. Kidonk, lekòl la toujou konsidere kòm “an sesyon.”

K: Èske Biwo sou Estanda Travay nan Depatman Travay Maine mande enfòmasyon sou estati imigrasyon m?

R: Nan sa ki konsène Biwo sou Estanda Travay la, yon travayè se yon travayè. Nou pa mande pou estati imigrasyon oswa yon nimewo sekirite sosyal lè nap reponn a demann oswa plent travayè a. Nou ranfòse lwa travay Maine san nou pa teni kont si yon anplwaye gen yon otorizasyon travay oswa si li pa gen papyè.

K: Pandan konbyen tan mwen ka pran yon konje dapre Konje Travay Maine pou moun kap bay swen ak Moun ki afekte pa Ijans Sante Piblik?

R: Konje sa a aplike sèlman pandan deklarasyon sou Ijans Sivil Eta Gouvènè a. Li kontinye pou yon tan nesèsè ak rezonab apre ijans lan te fini pou moun ki te genyen COVID-19 oswa ki te ekspozè nan COVID-19 pandan Ijans Sivil Eta.

K: Èske yon anplwayè ka refize m retounen nan travay la si mwen pran Konje Travay pou moun kap bay swen ak pou moun ki afekte pa Ijans Sante Piblik, oswa youn nan lwa sou konje yo?

R: Li pa ta ilegal pou yon anplwayè mete fen nan yon travay paske wap pran konje anba youn nan lwa sa yo. Men, Maine se yon eta ki gen travay-a-volonte. Travay a-volonte vle di, an absans yon kontra sendika oswa kontra travay endividyèl, yon anplwayè lib pou l mete fen nan travay yon anplwaye a nenpòt kilè ak pou nenpòt rezon, a kondisyon ke rezon an pa diskriminatwa, e li pa spesifikman entèdi pa lalwa.

K: Anplwayè m egzije ke m fè tès pou COVID-19 anvan mwen antre nan plas travay la. Èske mwen gen obligasyon pou m peye pou tès sa yo?

R: Non. Si m se yon anplwayè ki mande pou yon anplwaye fè tès COVID-19, kidonk anplwayè a dwe peye pou tès la. Anplis, anplwayè a dwe peye anplwaye a pou tan li te pase ale lakay doktè a, kòm li ta konsidere kòm tan li te travay nan senaryo sa a.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Komisyon Konsèy Konpansasyon Travayè, tanpri vizite

<https://www.maine.gov/labor/bls/index.shtml>